Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 40 (98943) 15 октябрь 2021 с. / Рузман 8 РабигІул - аввал 1443 с./ багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

# Аппараталъул данделъиялда...



12 октябралда районалъул администрациялда тIобитIараб аппараталъул иргадулаб данделъиялда гIахьаллъана-районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал, отделазул начальникал, организациябазегун учреждениябазе нухмалъулел ва росабазул администрациябазул бутIрул.

Жиндирго цебергIиялда ХI. Мусаевас данделъиялъул гIахьалчагIазда ракIалде щвезабуна МахIачхъала шагьаралъул цо школалда ккараб такъсир. Гьес абуна: *«Лъайкьеялъул учреждениябазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул суал ккола бищунго кIвар цIикIкIараблъун, гьелъ, хIажат буго лъималазе тарбия кьеялъул рахъ дагьалъги гучлъизабизе.*

*ХIинкъигьечIолъи букIинаби мурадалда, тIоритIизе ккола умумузул данделъаби, гьоркьобкъотIи гьечIеб хIалтIи гьабиялде кIвар буссинабизе тIадаб буго лъималгун хIалтIулел коллективазда»*,-ян. Гьеб суал халкквеялде босеян гьес лъайкьеялъул Управлениялъул начальник М. МахIамаевасда лъазабуна.

Районалъул бюджеталъул (араб 9 моцIалда жаниб) хIалтIизабизе бихьизабураб бутIа тIубаялъул суалалда тIасан гьениб бицен гьабуна финансазул Управлениялъе нухмалъулев Р. ХIажиевас. Гьесул рагIабазда рекъон, гьеб бутIаялда бихьизабурабщинаб хIалтIизабун гьечIо. Гьелда хурхун, районалъул бетIерас абуна рехсараб бутIа хIалтIизабиялде кIвар кьеян, гурони, соналъул ахиралда, гьеб хIалтIизабун гьечIони, финансазул Управлениялъ гьеб нахъе ахIизе ккезе бугоян.

Налогал ва гьел гурел хайирал рачIиналда тIасан кIалъай гьабуна гьеб суал жинде кколеб отделалъул начальник Юсуп Агиевас. Гьес цифрабаздалъун гьениб бихьизабуна налогал кьеялда сверухъ бугеб ахIвал-хIал. Юсупица гьабураб кIалъаялда тIасан районалъул бетIерас абуна: *«Республикаялъул даражаялда, нилъер хIалтIуе къимат кьезе буго буголъиялъул, ракьул ва транспорталъул налогал ракIариялде балагьун»*,-ан.

Архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХI.ХIадаевас гьениб бицен гьабуна нилъер районалъул росабалъ гIадамал газалдалъун хьезариялъул суалалда сверухъ бугеб ахIвал - хIалалъул хIакъалъулъ.

Районалъул бетIерас кьурал тIадкъаял тIураялъул бицине цее яхъана аппараталъе нухмалъулесул заместитель М.-А. ХIамзатова. Гьелъ абуна: *«Заманалда тIурачIел яги тIурачIого хутIарал тIадкъаял гьечIо»*,-ян.

Данделъиялъул хIасил гьабулеб кIалъаялда ХI. Мусаевас абуна: *«ХIалтIуе дехун бугеб тIалабчилъи хисулеб буго, гьеб, гьанжесел тIалабазда рекъон, гьабизе ккола ва хIалтIи нухда иналъе цIиял ва бажари бугел специалистал ралагьизе ккола»*,-ян.



М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ

# Нилъер районалда – тIадегIанал гьалбал



13 октябралда нилъер районалде щвана, Россиялъул президентасул ихтиярал кодосев вакиласул заместитель Александр Куренноясул бетIерлъиялда, жавабиял хIалтIухъабазул къокъа. Гьезда гьоркьор рукIана- Северияб Кавказалъул федералияб округалда бугеб Россиялъул президентасул гIадамал къабул гьариялъул бакIалъе нухмалъулевлъун вугев Олег Родкин, гьебго хъулухъалъе Дагъистаналда вихьизавурав Александр Степанов, РДялъул хIукуматалъул председателасул тIоцевесев заместитель Батыр Эмеев, Дагъистаналъул бакIал раялъул министр Артур Сулейманов ва заманалъ РДялъул транспорталъулгун нухазул магIишаталъул министрасул ишал тIуралев Ширухан ХIажимурадов.

Районалъул гIорхъода « Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер ХI. ХI. Мусаевас гьалбазда дандчIвай гьабуна. Гьалбал районалде рачIиналъе гIиллалъун букIана нилъер гIадамаз Россиялъул президентасде гьабураб хитIаб. Гьелда рекъон, гьалбазул къокъа районалъул бакI-бакIазде щвана ва гьезул хал гьабуна. Хал гьабиялда бицен ккана районалъул жамгIиял бакIал ва нухал рукIине кколел нормабазде рачиналъул хIакъалъулъ.

Биценалдаса хадуб гьез чIванкъотIарал масъалаби цере лъуна ва гьел тIураялъе заман бихьизабуна. Гьел масъалаби бетIералде рахъинари хасаб халкквеялда букIине буго.

Нижер мухбир

# Нилъер ва Гъизилюрт районазул бутIрул дандчIвана



12 октябралда нилъер районалъул бетIер ХIажимурад Мусаев Гъизилюрт районалъе нухмалъулев Рустам Татархановгун дандчIвана. Гьеб дандчIваялда кIиябго районалъул экономикияб рахъ цебетIеялъе кIвар цIикIкIарал суалазул хал гьабуна. Хасго тIадчIей гьабуна районазда гьоркьосел нухазда бугеб ахIвал-хIалалда ва туристазул цадахъал объектазда хIалтIи лъикIлъизабиялда. Хасгьабун бицана Сулахъалъул кIкIалалда туристазе санагIалъаби чIезариялъул ва Миякьо росулъе унеб нухгун кьо къачIазе ккеялъул.

Д.БАТИЕВА

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Ярмарка тIобитIана
гъум. 3 Жамг1ияб палаталъул данделъиялда
гъум. 4 Министерство печати и информации РД информирует

# Сведения

***об исполнении бюджета МР "Казбековский район "по доходам и расходам за 3 квартал 2021 года***

## Доходы

| Наименование доходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 3 кв. (тыс.) руб. |
|---|---|---|
| 1. Налоги на прибыль (подоход.налог) | 84320,0 | 59468.0 |
| 2. Налоги на совокупный доход | 6451,0 | 8419,0 |
| 3. Акцизы | 18797,0 | 13938,0 |
| 4. Государственная пошлина | 910,0 | 1209,0 |
| 5. Неналоговые платежи | 12884,0 | 7198,0 |
| 6. Дотация бюджетам мун. района | 177770,0 | 147865,0 |
| 7. Субсидии бюджетам мун. рйона | 56574,0 | 35521,0 |
| 8. Субвенции бюджетам мун. района | 615133,0 | 464154,0 |
| 9. Доходы бюджета мун.района от возврата субвенций имеющих целевое назначение | 0,0 | 0,0 |
| 10. Иные межбюджетные трансферты | 0,0 | 0,0 |
| 11.Поступления, предоставляемых негосударственными организациями получателям средств бюджетов муниципальных районов | 420.0 | 420.0 |
| 12. Возврат остатков субсидий и субвенций в республиканский бюджет имеющих целевое назначение | | -1942.0 |
| **Итого доходы бюджета** | **973259,0** | **736250,0** |

## Расходы

| Наименование расходов | назначено на год (тыс.) руб. | исполнено за 3кв. (тыс.) руб. |
|---|---|---|
| 1. Общегосударственные вопросы | 70465,0 | 47260,0 |
| 2. Национальная оборона | 1926,0 | 1445,0 |
| 3. Национальная безопастность и правоохранительные органы | 2760,0 | 2067.0 |
| 4. Национальная экономика | 39223,0 | 26177,0 |
| 5. Жилищно- коммунальное хозяйство | 4150,0 | 3857,0 |
| 6. Образование | 787780.0 | 554468,0 |
| 7. Культура, кинематография | 15043.0 | 10842.0 |
| 8. Социальная политика | 7888,0 | 4482,0 |
| 9. Физическая культура и спорт | 6188,0 | 2498,0 |
| 10. Средства массовой информации | 6150,0 | 4721,0 |
| 11. Безвозмездные перечисления бюджетам поселений | 79287,0 | 70200,0 |
| Итого расходы бюджета | 1020860,0 | 728017,0 |

***Руководитель финансового управления МР "Казбековский район"***
***Р. ГАДЖИЕВ***

| Расходы на содержание органов местного самоуправления МР "Казбековский район" за 3кв.2021 года | |
|---|---|
| план на 2021 год (тыс.) | исполнено за 3 кв. 2021 года (тыс.) |
| 30010,0 | 22821,0 |

| Количество штатных единиц органов местного самоуправления | |
|---|---|
| план на 2021 год | исполнено за 2кв.2021года |
| 58 | 57 |

# Рекъон хIалтIани...

***ЖамагIаталъул газа къурдаги рекIунеб***

*(халкъияб аби)*

Сентябрь ва октябрь моцIаз рарал халатрахъарал цIадаз республикаялъе гIезегIанго кIудияб зарал гьабуна. Нухал ччукIана, кьоял хвезаруна, цо-цо бакIазда лъеца рукъзалцин риххизаруна.

Гьел цIадаз нилъер районалъул росабазул нухазеги гIураб зарал гьабуна. Гьединаб ахIвал–хIал Гъозтала росулъги букIана. Росдал аслияб къватI цIакъго хвезабун букIана. Иххаца гонгахинабураб нухдасан лъелго инецин санагIалъи букIинчIо. ХIажат букIана хехаб заманалда гьеб рукIалиде бачине.

Гьеб кIвар бугеб масъала росдал бегавул Абакар Абакаровас ва гIолохъабаз кодобе босана. Рекъон гьабураб хIалтIуца хIасил лъикIаб кьуна. Гьез къокъаб заманалда, лоткабиги лъун, нухдасан лъим чвахулареб къагIидаялда, къватI къачIана. Гьеб иш тIубаялъе районалъул бетIер ХI. Мусаевас кIудияб гIарцулаб кумек гьабуна. Гьединго хIажатаб транспортгун Дилималдаса Арслан Идрисовги Ленинаулалдаса Ибрагьим МухIамадсултIановги гьенире кумекалъе ахIун рукIана.

Гьеб хIалтIулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна Мавлидин ГIалисултановас, Халид Эмеевас, Гумар ШахгIабасовас, Абусидикъ Абусидикъовас ва ХIусен ХIусеновас.

Нухал къачIаялъулъ ва иццал рачиналъулъ гIахьаллъаразе хIеж борхарабгIан кири бугилан абула. Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьоб ккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе ишалъулаб кумек гьабурав ХI.ХI. Мусаевасе ва цIар-цIаркъун рехсечIогIи даража цIикIкIараб кири щолеб хIалтIулъ квербагъари гьабурал киналго гIолохъабазе.

***Асият Сурхаева, Гъозтала росу***

# Ярмарка тIобитIана

10 октябралда Дилим росдал централияб байданалда тIобитIана росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул Къо кIодо гьабиялда хурхараб данделъи ва ярмарка.

Росдал магIишаталъул хIалтIухъабазда ва гьелъул ветераназда байрам баркун, гьенив кIалъана «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI. ХI. Мусаев.

Гьес абуна: «Баркула нужеда росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул Къо. Нилъер районалда росдал магIишат кидаго букIана ва буго экономикаялъул аслияб бутIалъун. Гьенир гIемерал соназ, ракIбацIцIадго, хIалтIана хурухъаби, боцIухъаби, механизаторал ва специалистал.



Жакъа районалъул росдал магIишаталъул хIалтIухъабазда цере чIарал масъалаби руго, церетIурал технологиябиги хIалтIизарун, кванил нигIматал гIезари цIикIкIинари. Гьелъие пачалихъалъ риччалел руго батIи-батIиял гIарцулал грантал ва субсидиял. Росдал магIишат цебетIезабиялъе мисалаллъун рукIине ккола цере арал соназ щварал т1адегIанал хIасилал. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей»,-ан.

Гьенирго ХI. Мусаевас, райадминистрациялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун, росдал магIишаталъул церехъаби кIодо гьаруна. Гьеб къоялъ тIобитIараб росдал магIишаталъул нигIматал ричулеб ярмаркаялда гIахьаллъана районалъул батIи-батIиял магIишатал (СПКял, ГУП, КФХял, ОООял ва жалго бетIергьанал магIишатал).

Ярмаркаялда бичулеб букIана гIиял, хIайваналъул гьан (1кг.-300 гъур.), ролъ (1 кг.-12 гъур.), пиринчI (1 кг.- 25 гъур.), цIоросаролъ (1 кг.-14 гъур.), рахь ва рахьдал нигIматал (1 л.-30 гъур.), хIан-(1 кг.-230 гъур.), нисо (1кг.- 120 гъур.), тIорахь (1кг.-400 гъур.).

Абизе ккола ярмаркаялда ричулел рукIарал кванил нигIматазул багьаби базаралъул багьабаздаса 20-25 проценталъ гIодорегIанал рукIанин. Ярмаркаялъул гIахьалчагIазда цере, кучIдул ахIиялъул ва кьурдабазул программагун, рахьана Руслан Имамирзаев ва районалъул искусствоялъул школалъул цIалдохъаби.

***Н. ИДРИСОВ***

# Нилъ, коронавирус ва вакцина



Коронавирусалде данде батIи-батIиял вакцинаби раккаралдаса гьоркьоб къотIулеб гьечIо гьезул рахъ ккуразулги гьезде дандчIаразулги дагIба-къец. Гьелда гьоркьор руго тохтурзаби, политикал ва цогидалги гIадамал. Гьезухъ гIенеккараб заманалда пикру хисичIогоги букIунаро, ва гьезул кинал ритIаралльун кколелали бичIчIине мухъилал гIадамазе захIмат букIуна. Дие бокьун буго вакцинациялда тIасан дирго пикру загьир гьабизе.

Узухъда, дунялалда тIад цониги дару батизе гьечIо тIолабго гIадамасул черхалъе къаркъалаялъе пайдаялъе унеб. ЦебегоялдасагIадатлъун лъугьун буго цIи баккараб дару цIакъго бецци ва гьеб гIемеразе хIалтIизабизе бихьизаби. Цо заманалдасан тIатунеб буго цо рахъалъе пайдаялъе аниги, цогияб рахъал гьелъ хвезабулеблъи. Гьай-гьай, гьединалголъун ратичIого рес гьечIо коронавирусалде данде раккарал вакцинабиги, амма бичIчIине ккола гьел тун батIияб *«ярагъ»* гьеб унтиялде данде ургъун гьечIеблъи.

Балъголъи гуро тIоцебе коронавирус Китаялда баккараблъи. ГIасрабаз бищунго халкъияб медицина цебетIураб гьенибцин, вакцина тун батIияб, коронавирусалде данде дару батулеб гьечIо ва гьениб гIадамазул1 млд. 300 млн. чиясдаса цIикIкIараб къадаралъ вакцинация гьабун буго. Гьединабго ахIвал-хIал буго цогидал пачалихъаздаги. Нилъер Россиялдайин абуни, гIицIго 40 млн. чияс гурони, вакцинация гьабун гьечIо.

Дун ригь арав чи вуго, ва дица ихдалго вакцинация гьабуна. Хадусан коронавирусалде данде гьаризе кколел тадбираздеги дун хIадур вуго, щай абуни, тохтурзабаз нилъеда квешаб малъизе гьечIо. Квешаб букIарабани, гьез жидецагоги вакцинация гьабилароан. ЦIикIкIунисез гьабураб гьабуни, мекъи ккелилан дида кколаро.

***Ш. ЯНДАЕВ, Дилим росу***

# ТалихI хIалтIулъ батана



ЧIахIияб гIелалъул гIадамаз бицунелъухъ гIенеккидал,гIумруялъул батIи-батIияб заманалда ккарал хиса-басиязул, гьезул гIолохъанаб ва гьанжесеб заманалъул хIисаб гьабизе бокьула. Гьединал пикрабаз асир гьаюна дун гIумрудул бищунго лъикIал сонал бокьулеб хIалтIуе кьурай Асият АхIмадовна МухIамадовалъул хIакъикъат лъан хадусан.

Дилим росулъа АхIмад ва Ажи МухIамадовазул хъизаналда кинабниги 5 лъимер букIана. Доб заманалда ясал цIализе ритIи къанагIатаб ишлъун кколаан. Эмен АхIмадица киналго лъимал цIализе ритIана. *«Кинаб букIаниги пишаялде буссинабичIого, лъималазул кIвар цIалуде буссинабеян абулаанин инсуца»*,-ян бицана Асиятица. ЦIалиялдаса хадур гьел лъикIал хъулухъазда рукIана.

Асият АхIмадовна МухIамадова гьаюна 1951 соналъ. 1969 соналъ гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьей лъугьана Хасавюрталъул росдал магIишаталъул техникумалде. Гьелъ гьениб бухгалтерасул махщел тIаса бищана.

1971 соналъ Асият «Дилим» совхозалда хIалтIизе лъугьана. Гьениб А. МухIамадовалъе лъикIаб хIалтIул хIалбихьи щвана. Гьелъул хIалтIуде бугеб рокьиги гъираги рихьун, коллективалъ гьей разиго къабул гьаюна. Асиятица жиндирго иш жинда цадахъ хIалтIулел ва нухмалъулел разилъулеб хIалалда тIубалаан. *«Гьаб дир иш гуро»,*- ян абураб къецги гьелъул букIунароан. Гьелъ хIажатасе кумек гьабизе, хIалтIул цIиял къагIидаби лъазаризе хIаракат бахъулаан.

Асиятида талихI хIалтIулъ батана. 1972 соналъ гьелъ «Сельхозтехника» гIуцIиялда хIалтIулев вукIарав шофер Расул МухIамадовгун къисмат бухьинабуна. Асиятго гIадин, гьевги вукIана хIалтIудаса нахъе къаларев, ракIбацIцIадав, тIаде босараб иш, рагIа-ракьанде щун, гьабулев инсан. Гьезул цадахъ тIамурал къоял гIезагIан талихIалги рукIана.

1975 соналъ росдал магIишаталъул Управлениялъул бетIерав агроном Яндаев Шиябодиница гьелда абула мун управлениялде хIалтIизе ахIулей йигилан. Асиятица инкар гьабула. «БитIун бицани, дун хIинкъана гьеб жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи тIаде босизе. Амма чанго нухалъ дун гьение ахIана ва дида ракIалде ккана РайОНОялда бетIерав бухгалтерлъун хIалтIулев вукIарав имгIал ХIажи МухIамадхIабибовгун гьеб суал дандбазе. Гьес дида *«ХIалтIиялдаса хIинкъуге! РакIбацIцIадго, дудаго тIадкъараб хIалтIи гьабе»,*-ян абуна. Гьес абурабги гьабун, дун росдал магIишаталъул Управлениялде хIалтIизе лъугьана.

Гьелда бичIчIунаан хIалтIул хIасил ккезе бокьани, жиндаго тIад хIалтIизе, махщел камил гьабизе кколеблъи. Гьединлъидал, гьелъ щибаб къойилаб кIвар кьолаан хIалтIул рахъи борхизабиялде. Гьедин гьабиялъ, къойидаса къойиде борхулеб букIана гьелъул цадахъ хIалтIулезда гьоркьоб къадру-къиматги. ЦIи рачIарал хIалтIухъабазда кидаго кумекалъе ятулаан А. МухIамадова, гьелъ *«Нуж гьаб хIалтIи дие кколаро, гьабиларо!»-ян чIоге, нужеда лъазе ккола, тIаде ккараб мехалда, бокьараб хIалтIи т1убазе »,*-ян. ГьабсагIаталдаги кIудияб рекIел хинлъигун ракIалде щвезарула гьелъ жиндирго тIоцересел насихIатчагIи ва гIумруялъ цадахъ хIалтIарал.

1986 соналъ гьей бетIерай бухгалтерлъун тIамуна ва гьений 2015 соналде щвезегIан хIалтIана. ХIалтIуда цадахъго, гьелъ рукъалъул магIишатги бажаризабун бачунеб букIана. КигIан захIмалъаби дандчIваниги, гьей гьезие мутIигIлъичIо.

Жиндиего хасал тIабигIатазда куцана Асиятица лъималги. Гьелъул гьезие кидагосеб насихIатлъун букIана чиясул ракI бакъвазабунгутIи, сундулъго ракIбацIцIалъи ва ритIухълъи цIуни.

Щивав инсанасул гIумруялъулъго гIадин, гьелъулги рукIана талихIалъ ва къварилъиялъ къвал барал къоял. БитIун гьайбатаб гIумрудул гIужде вахиндал, гIумруялдаса ватIалъана вас ХIамзат. Гьеб рухIелалъ мугъ «бекана» Асиятил. Кин букIаниги, гьелда бажарана сабруялда къисматалъул согIал сухъмахъазда дандчIварал захIмалъаби къезаризе.

РакIбацIцIадаб хIалтIухъ А. МухIамадова республикаялъул росдал магIишаталъул министерствоялъул, управлениялъул ва цогидалги гIуцIабазул гIемерал ХIурматалъул грамотабазе, Баркалаялъул кагътазегун шапакъатазе мустахIикълъана. Цо чанго нухалда Асият республикаялъул даражаялда тIоритIарал конкурсазда гIахьаллъана ва гьелъ гьенир призалъулал бакIал росана.

***А. ДИБИРОВА***

# Лъедалъун хьезари мурадалда...

Нилъер районалда цониги росу батиларо гIураб къадаралда гIадамазе лъим бугеб, гьай-гьай, гьезде гьоркьобе Хубар росуги ккола. Лъим росабалъе бачун буго рикIкIадасан, цо чанго иццул лъимги жубазабун, гьедин бугониги, гьеб гIолебги гьечIо. Гьедин букIиналъ гурищ Гумбет районалъул «Ишахи» участокалдаса «Ахъташ» лъарал лъим росабалъе бачунеб бугеб?

Нижер росулъе чвахулеб лъел цIикIкIунисеб бутIа «Хважахъ» абулеб участокалдаса бачун буго. Гьенисан лъурал маххул рогIрал басралъун рукIана ва гьел хисизе кколаан. Гьелъул хIакъалъулъ нижер росдал бетIерас районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасда лъазабун бугоан. Гьесул кумекалдалъун, 2600 м. рогIразул бачIана ва, цогидал иццазул лъимги жубазабун, росулъе чвахулеб лъел къадар цIикIкIана.

Узухъда, лъим бачиналда тIад гIемерал гIолохъаби хIалтIана, амма гьелъулъ жигарчилъи бихьизабурал-Сайдула Къурбановасул, Гиччи ХIажиевасул, Ислам МухIуевасул, ХIабирасул Айдимеровасул, Салавдин Дадаевасул, ХIабиб ИсхIакъовасул ва Мурад МухIамадовасул цIарал рехсечIого тейги дида битIун бихьуларо.

Бокьун буго, росдал жамагIаталъул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе ХI. ХI. Мусаевасе ва лъим бачиналда тIад хIалтIарал тIолалго гIолохъабазе.

***М.-р. ЛАБАЗАНХIАЖИЕВ, Хубар росу***

# ЖамгIияб палатаялъул данделъиялда...

8 октябралда районалъул культураялъул Централда ЖамгIияб палатаялъул данделъи тIобитIана.



Гьелъул хал гьабиялде росун рукIана районалъул росабазул нухаздагун къватIазда бугеб ахIвал-хIалалда, школазде лъимал щвезариялъе чIезабураб техника хIалтIизабиялда хурхарал суалал. Гьеб данделъиялда гIахьаллъана - архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХI. ХIадаев, лъайкьеялъул Управлениялъул начальникасул заместитель А. Гъаирбеков, **«Цогояб Россия»** партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул ишал тIуралев секретарь С. Алтумирзаев ва рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х. МухIамадхIабибов. ТIоцебесеб суалалда тIасан гIатIидаб кIалъай гьениб гьабуна ХI. ХIадаевас. Гьес бицана районалъул росабалъ нухаздагун къватIазда бугеб ахIвал-хIалалъул, гьел кколеб къагIидаялде рачиналда тIад гьабулеб ва гьабизе бугеб хIалтIул, ругел церетIеязул ва дандчIвалел захIмалъабазул. Гьес абуна: *«Нужеда лъала, батIи-батIиял проектазда рекъон, нилъер районалъул росабазул къватIазда хъил тIолеб, тротуарал гьарулел, хIухьбахъиялъе площадкаби ралел рукIин. Гьеб кинабго гьабулеб буго нилъер гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъиялъе. Узухъда, гьел ишал тIураялда гIемерал захIмалъаби дандчIвала, амма районалъул администрациялъ кIвар кьолеб ва кьезе буго церечIарал масъалаби бетIералде рахъинариялде»,*-ян.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав А. Гъаирбековас бицен гьабуна росабазул школазде ва нахъе цIалдохъаби щвезариялъе чIезабураб техникаялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьес абуна: *«Аслияб къагIидаялда, лъимал школазде ва нахъе щвезариялъе чIезабун буго цIияб техника. Узухъда, гьениб кинабго «роцIун» бугин абизе кIоларо, нижеда дандчIвала захIмалъабиги, хасго цIадал ралеб ва хасалил заманалда»,-ян.* Данделъи ахиралде щвана росабазул нухазда, къватIазда бугеб ахIвал-хIал лъикIаб рахъалде хисизабиялъе районалъе, росабазул администрациябазе нухмалъулезда квербакъеян кагътал хъвазе къотIи гьабиялдалъун.

***М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ***

***Ниж- наркоманиялде данде***

# Кверaлъ суратал рахъиялъул конкурсалда...

7 октябралда районалъул культураялъул Централда, *«Наркомания-21 гIасруялъул къавуда»* цIаралда гъоркь, тIобитIана кверaлъ суратал рахъиялъул конкурс. Физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул, лъайкьеялъул Управлениялъул, искусствоялъул школалъул ва районалъул Централияб библиотекаялъул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб конкурсалда гIахьаллъана 12 школалдаса цIалдохъаби.



Конкурс гIуцIаразул мурадлъун букIана наркоманиялде, тамахьо бухIиялде ва цогидалги зaралияв пишабазде дандечIеялде гIолилал ахIи, суратал рахъизе пагьму бугел цIалдохъаби тIатинари ва гIолилал гьудул-гьалмагълъиялъул бухьеназде цIайи. ЦIалдохъаби кIиго группаялде (7-12 сон ва 12-16 сон) рикьун рукIана ва гьезие суратал рахъизе 2 сагIат бихьизабун букIана. Жюриялъ хал гьабиялде росун рукIана суратал рахъизе бажариялъул 5 рахъал (сураталъул баянлъи, тема рагьи, сурат бахъизе бугеб махщел ва г ь. ц.).

Цоабилеб группаялда гьоркьоб (7-12 сон) тIоцебесеб бакIалде ячIана лицеялъул цIалдохъан ПатIимат Усаматова, кIиабилеб бакI босана Дилим росдал гимназиялда цIалулей Аминат Назаевалъ ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана Муъминат Дадаева (гимназия, Гуни).

КIиабилеб группаялда гьоркьоб (12-16 сон) тIоцебесеб бакIалде ячIана Саида ХIайдарова (п. Дубки), кIиабилеб бакI босана Нугьайсат Дарбищевалъ (гимназия, Гуни) ва лъабабилеб бакIалъе мустахIикълъана ГIайшат МухIуева (ИчкIа).

Призалъулал бакIал росаразе, гьезие нухмалъулезе гьенир грамотаби ва къиматал сайгъатал кьуна.

***М. ИБРАГЬИМОВ,***
***спорткомитеталъул бетIерав специалист***

# Министерство информации и печати РД информирует...

Министерство информации и печати Республики Дагестан объявляет о старте приема заявок на участие в региональном конкурсе на лучший антитеррористический контент (далее — Конкурс). Конкурс проводится в соответствии с государственной программой РД «Комплексная программа противодействия идеологии терроризма в Республике Дагестан».

Целью конкурса является усиление активности медиасообщества республики, направленной на информационное противодействие идеологии терроризма в регионе.

Участниками конкурса могут быть электронные, печатные средства массовой информации, сетевые издания РД, рекламные агентства, а также авторы (авторские коллективы), чьи материалы антитеррористической направленности были опубликованы, размещены в эфире, в сети Интернет в 2021 году.

Требования к конкурсным работам (материалам):

1. Документальный фильм, теле-/ радиопередача, цикл теле-/ радиопередач, размещенные в теле-/радиоэфире.

2. Публикация, цикл публикаций, размещенные в социальных медиа (пост, видеоролик, вайн).

3. Публикация, цикл публикаций в печатном/сетевом издании (статья, очерк).

Работы оценивает конкурсная комиссия из представителей министерств, ведомств, СМИ и общественных организаций республики.

Основанием для участия в конкурсе являются представленные в комиссию собственноручно заверенные авторами, или их уполномоченными представителями, или руководителями СМИ заявки для участия в конкурсе.

Срок приема заявок – с 1 октября по 30 ноября 2021 г.

Комиссия рассматривает поданные в срок заявки и объявляет победителей до 30 декабря 2021 г.

Для победителей Конкурса учреждаются премии в номинациях:

1. «Документальный фильм, теле-/ радиопередача, цикл теле-/ радиопередач». Общий фонд составляет 180 тыс. руб., включая: первая премия — 90 тыс. рублей, вторая — 60 тыс. рублей, третья — 30 тыс. рублей.

2. «Публикация, цикл публикаций, размещенные в социальных медиа». Общий фонд составляет 120 тыс. руб., включая: первая премия 60 тыс. рублей, вторая — 40 тыс. рублей, третья — 20 тыс. рублей.

3. «Публикация, цикл публикаций в печатном/сетевом издании». Общий фонд составляет 100 тыс. руб., включая: первая премия — 50 тыс. рублей, вторая — 30 тыс. рублей, третья — 20 тыс. рублей.

Награды присуждаются за глубокое и яркое освещение тематики, профессионализм и оригинальность подачи материалов, степень охвата аудитории, активность пользователей (комментарии).

Журналистские и авторские работы направляются по адресу: г. Махачкала, ул. Насрутдинова, 1а (2-й этаж), каб. 8, Мининформ РД, отдел по работе со СМИ. Копии материалов направляются на электронный адрес: **konkurs@mininformrd.ru.**

По всем интересующим вопросам обращаться по телефону **+ 7 963 418 72 51.**

Итоги Конкурса обнародуются в республиканских СМИ и на сайте министерства**- http://mininformrd.ru.**

Более подробная информация о конкурсе размещена на сайте министерства **http://mininformrd.ru** в разделе «Документы», в подразделе «Конкурсы и гранты».

# Лъани лъикIаб буго

· «МугIрузул улка»,- ян цIар бугониги, Дагъистаналъул 39,9% гурони, мугIруз ккун гьечIо.

· Дагъисталалда тIубанго рехун тарал росабазул буго 45- ялдаса цIикIкIараб къадар.

· Нилъер республикаялда бугеб «Сарыкум» салул гохI ккола Евразиялда бищунго борхатаблъун(252 м.). 1879 соналъ гьелъул борхалъи букIун буго 612 м., 1948 соналъ - 280 м.

· Х - аб. гIасруялда гIарабаз Дагъистаналде «ТахбакIалъул ракь»,-ан абулеб букIун буго.

· Табасаран мацI дунялалда бищунго захIматал мацIазул цояблъун рикIкIунеб буго. Гьеб мацIалъул 48 падеж бугин бицуна.

· Дагъистаналда рессулел тIансаби дунялалда тIад бищунго лъикIаллъун рикIкIуна. Персиялъул (Иран) тIансабазул «гIумру» 70-150 сон батани, Дагъистаналъул тIансабазул «гIумру» 300-400 соналде бахунеб буго.

· Квералъ хъвараб ва бищунго гьитIинаб Къуръан Дагъистаналда буго. (3х3,5см.). Гьелъул 400 сон бугин абулеб буго.

· Дагъистаналда яшав гьабулеб буго 60-ялдаса цIикIкIараб миллаталъ.

Спорт - инсанасул сахлъи

# Футбол

Дагьал церегIан къояз районалъул спортшколалде гьоркьоре кколел командабазда гьоркьор тIоритIана футбол хIаялъул къецал. Гьел тIоритIиялъул мурадлъун букIана гIолилазда гьоркьоб спорталъул гьеб тайпа тIибитIизаби, зоналиялгун республикаялъул хIаязда г1ахьаллъизе бугеб командаялъулъе лъикI хIалел гIолилал тIаса рищи ва гьудуллъиялъулгун вацлъиялъулал бухьенал гIолилазда гьоркьор щула гьари.



Къецазул хIасилал гьарун хадуб баянлъана 2004-2005 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалде Аляса Алясаевас ва АхIмад Иманшапиевас хIадурараб команда бачIараблъи, кIиабилеб бакI Марат Абукаевасул командаялъ босараблъи ва лъабабилеб бакIалъе МахIмуд ГIалханов тренерлъун кколеб къокъа мустахIикълъараблъи.

2006-2008 соназ гьарурал гIолилазда гьоркьор чемпионаллъун Марат Абукаевасул нухмалъиялда ругел гIолилал рахъана, кIиабилеб бакI ккураллъун Аляса Алясаевас ва АхIмад Иманшапиевас бетIерлъи гьабулеб команда бахъана, лъабабилеб бакIалде МахIмуд ГIалхановасул команда бачIана.

ХIаязул хIасилал гьарулеб жиндирго кIалъаялда спортшколалъул директор МухIамад ГIазаевас абуна: ***«Жакъа нилъер гIолилаз лъикIал хIаял рихьизаруна ва гьенир лъикIаздаса лъикIаз бергьенлъи босана. Дица нилъер гIолилазе гьарула жеги тIадегIанал бергьенлъаби»***,-ян.

**Нижер мухбир**

# «ЮИДалъул улкаялъе ритIухъал» конкурс тIобитIана




Нилъер нухазда лъимал гьоркьоре ккарал цIакъ гIемерал балагьал лъугьа-бахъинал ккола. Гьелъие гIайибаллллъун гIемерисеб мехалда жалго лъимал рукIунел руго. Нухазда хьвадиялъул чIванкъотIарал къагIидаби лъималазда лъазари ва гьел ритIун хIалтIизарун бажариялъул мурадалда лъайкьеялъул идарабазда гIемераб хIалтIи гьабула. Гьединал тадбиразул цояблъун букIана 13 октябралда районалъул культураялъул Централда лъайкьеялъул Управлениялъ тIобитIараб нухаздасан хьвадиялъул низам цIунулезул гIисинал кумекчагIазул «ЮИДалъул улкаялъе ритIухъал» абураб къецги. Гьенир гIахьаллъана 12 росдал школаздаса командаби. Жиб-жиб командаялъул букIана хасаб ретIел, тIадчIун хIадурарал берцинал церерахъинал. Бихьулеб букIана лъималазул къецазде данде кколел кучIдул ахIизе, рекIехъе рикIкIине, ва кьурдизе бугеб махщел. Гьединал къагIидабаздалъун гьез бихьизабуна нухазда хьвадиялъе чIезарурал къагIидаби ва нухлул знакал лъай. Гьединго, командабазе нухмалъулез жюриялда цере лъуна гьеб рахъалъ жидерго хIалтIуе баян кьурал дневникал. Киналго къокъаби цере рахъиназде цIакъ лъикI хIадурлъун ругоан.

Церерахъиназул даража борцине данде гьабун букIана лъайкьеялъул Управлениялъул методистаздасан ва нухлул инспектораздасан гIуцIараб жюри. Киналго церерахъиназул хIасилал гьарун хадуб баянлъана тIоцебесеб бакIалъе Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъул команда мустах1икълъараблъи. КIиабилеб бакIалде Дилималъул гимназиялъул цIалдохъаби рачIараблъи ва лъабабилеб бакI Хубар росдал гьоркьохъеб школалъул командаялъ босараблъи.

**Д.БАТИЕВА**

# Объявление

Утерянный аттестат А №558638 об основном общем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №2 в 1992 году на имя **Маликовой Байсият Ниязбеговны,** считать недействительным.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Заместитель:**
Д.ХI. ГIабдулахIитова
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
Н. Р. Идрисов,
Д. К. Батиева,
А. А. Дибирова
**Набор:**М. М. ХIайбаева
**Верстка:**
М. А. АтавхIажиева,
З. К. ГIабдулмуслимова

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**

Типографиялъул адрес:
367032, РД
МахIачхъала шагьар
Насрудиновасул къватI №61

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж - 1205,
багьа - эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**